

### Building Background

Tell children that in some stories, animals behave like people. Ask children to recall stories in which animals talk. Explain that a character in this story learns from a mistake

Comprehension; Fantasy and reality; Tell children that some stories are about things that could happen in real life, while others are about things that could never happen.

## Tit Istwa a: Krikèt Ak Foumi an

Yon jou nan ete, pandan krikèt t ap fè parese, danse, chante, ak rete pou santi flè, li wè foumi kap travay di, bwote grenn mayi nan nich li. Krikèt di: “Poukisa w ap travay di konsa foumi? Si w fè yon ti repoze, ma chante yon ti chan ete pou ou.” “Mèsi krikèt, m ka pran yon ti repo. Apre sa fò m al travay paske anvan lontan, ivè pral vini e mwen sipoze sere ase manje anvan lanèj kòmanse tonbe.”

Krikèt kontinye chante “Äh, foumi, ivè poko ap vini! Jwe! Danse! Amize w nan solèy la!”

“Pran konsèy mwen krikèt! W ap gen kont tan pou repoze w pandan ivè. Sanble manje ou kounye a anvan l twò ta”. Krikèt kontinye chante, danse jiskaske livè vini e lanèj kòmanse tonbe. Li te tèlman frèt, li pèdi vwa l. Li pa jwenn anyen pou l manje. La l frape pòt foumi.

“Tanpri ti foumi janti, banm yon ti moso manje pou manje epi kite m fè yon ti chofe bò dife w la ”

Enben, ou te chante yon bèl ti chante pou mwen, lè m ta bourike anba solèy la. Se pousa m ap ede w pandan sezon ivè a”

Krikèt reponn: “Mèsi, mèsi anpil foumi! Mwen aprann leson m. Ete pwochen map prepare manje m anvan ivè” Se sa krikèt fè.

### **Ann Reponn Keksyon**

1. Ki pati nan istwa a ki reyèl? Ki pati ki pa reyèl?
2. Poukisa foumi tap travay di?
3. Poukisa krikèt te di fromi fè yon ti chita?
4. Redi istwa a nan lòd li pase a.
5. Kompare krikèt ak foumi.
6. Ki leson krikèt aprann?